# Góor laa woon gu bari masyu ma amoon kersay laaj ko Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ngir wàccuwaay gi doomam am, ma digal Al-Miqdaad ibnul Aswad mu laaj ka ko, mu ne ko: "day raxas sakaraam daal di jàpp

Jële nañu ci Aliyun -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Góor laa woon gu bari masyu ma amoon kersay laaj ko Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ngir wàccuwaay gi doomam am, ma digal Al-Miqdaad ibnul Aswad mu laaj ka ko, mu ne ko: "day raxas sakaraam daal di jàpp". Bu dee ci Al-Buxaarii: da ne ko: jàppul te raxas sa sakara".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Aliyun Ibn Abii Taalib day xibaare ne moom ku bari woon lu muy génne masyu la -te mooy ndox mu weex mu woyof te rattax tey génne ci sakara cig bànneex walla mu jiitu ag sëy-, Te xamul lan lay def ak génn googu, mu rus koo laaj Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-; ngir ne moom mooy jëkkëru Faatimata doomu Yonnente bi Mu sàkku ci Al-Miqdaad ibnul Aswad mu laaj ko Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, Yonnente bi tontu ko: ci ne na raxas pëyam, te daal di jàpp.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3348